# 1 Yowaana

## 1

### Kàddug dund gi

[1] Kàddu dund gi nekkoon na dale ko ci njàlbéen ga : dégg nanu ko,
te sunu bët yi gis ko, xool nanu ko bu baax, te sunu loxo yi laal ko.
[2] Dund googu feeñ na: gis nanu ko, ay seede lanu ci. Nu ngi leen di
yégal dund gu dul jeex gi nekkoon ci wetu Baay bi te feeñu ci sunu
biir. [3] Nun bokk nanu ci dundu Baay bi ak doomam, Yeesu Almasi
bi, te nu ngi leen di yégal li nu gis ak li nu dégg, ngir yeen tamit,
ngeen bokk ak nun dund googu. [4] Noonu nu ngi leen di bindal mbir
yooyu ngir sunu mbégte mëna mat sëkk.

### Yàlla leer la

[5] Lii mooy xibaar bi nu dégg ci Yeesu Almasi bi te nu di leen ko
yégal: Yàlla leer la te amul benn lëndëm ci moom. [6] Su nu waxee ne
nun, ci dundam lanu bokk ba noppi di dox ci lëndëm, nu ngi fen te
jëfewunu dëgg gi. [7] Waaye su nuy dox ci leer gi, ni Yàlla moom ci
boppam nekke ci leer gi, nun ñéppay bokk ci dundam, te deretu
Yeesu doomam da nuy setal ci bépp bàkkaar. [8] Su nu waxee ne
amunu bàkkaar, nu ngi nax sunu bopp te dëgg gi nekkul ci nun. [9] Su
nu nangoo sunuy bàkkaar ci kanamu ñépp, Yàlla mi gore te jub
dina nu baal sunuy bàkkaar te setal nu ci bépp njubadi. [10] Su nu
waxee ne defunu bàkkaar, nu ngi jiiñ Yàlla fenkat te kàddoom
nekkul ci nun.

# 2

## Ki xam Yàlla dafay dox ci ndigalam

[1] Yeen samay doom, maa ngi leen di bindal lii ngir ngeen baña
bàkkaar. Waaye bu kenn ci yeen bàkkaaree, am nanu ku nu taxawu
ci wetu Baay bi. Moom mooy Yeesu Almasi bi, di ku jub ki. [2] Moom
moo joxe boppam ni sarax ngir giifal mer bi Yàlla amoon ci nun
ndax sunuy bàkkaar. Du sax ngir sunuy bàkkaar nun rekk waaye
ngir bàkkaari àddina si yépp.
[3] Su nu déggalee ndigali Yàlla, ci noonu, nun, danuy xam ne xam
nanu ko. [4] Kiy wax ne: «Xam naa ko», waaye déggalul ay ndigalam,
fenkat la, te dëgg gi nekkul ci moom. [5] Waaye kiy déggal kàddoom,
mbëggeelu Yàlla mat na sëkk ci moom. Ci noonu lanuy xame ne ci
Yàlla lanu sax. [6] Kiy wax ne ci moom la sax dafa wara doxe ni
Almasi bi doon doxe.
[7] Samay soppe, du ndigal bu bees laa leen di bindal, waaye ndigal
bu yàgg la, bi ngeen jot dale ko ci njàlbéen ga. Ndigal bu yàgg
boobu mooy kàddu gi ngeen déggoon. [8] Moona ndigal bu bees laa
leen di bindal, muy dëgg ci Yeesu ak ci yeen, ndaxte lëndëm gaa ngi
weesu, te leer gu wóor gi fenk na ba noppi. [9] Kiy wax ne dafay dox ci
leer gi te bañ mbokkam, mu ngi ci lëndëm gi ba léegi. [10] Ki bëgg
mbokkam dafay sax ci leer gi, te noonu dara mënula tax mu daanu
ci bàkkaar. [11] Waaye ki bañ mbokkam mu ngi ci lëndëm; dafay dox
ci lëndëm te xamul fi muy dem ndaxte lëndëm gi moo ko
gumbooloo.

## Ndigalu Yowaana ci lu jëm ci àddina sii ak ñiy xeex Almasi bi

[12] Maa ngi leen di bind, yeen samay doom, ndaxte Yàlla baal na
leen seeni bàkkaar ndax turu Yeesu Almasi bi. [13] Maa ngi leen di
bind, yeen baay yi, ndaxte xam ngeen ki nekk dale ko ci njàlbéen

ga. Maa ngi leen di bind, yeen waxambaane yi, ndaxte daan ngeen
ku bon ki. 14 Bind naa leen, yeen xale yi, ndaxte xam ngeen Baay bi.
Bind naa leen, yeen baay yi, ndaxte xam ngeen ki nekk dale ko ci
njàlbéen ga. Bind naa leen, yeen waxambaane yi, ndaxte am ngeen
doole, kàddu Yàlla gi sax na ci yeen, te daan ngeen ku bon ki.

15 Buleen bëgg àddina si walla mbir yi nekk ci àddina si. Su kenn
bëggee àddina si, mbëggeelu Baay bi nekkul ci moom, 16 ndaxte lépp
li nekk ci àddina si, maanaam bëgg-bëgg yaram, xemmem li say bët
di gis, ak wonewu ci li nga am, loolu lépp jógewul ci Baay bi, waaye
ci àddina si la jóge. 17 Àddina si ak bëgg-bëggam yi dinañu weesu,
waaye kiy def coobare Yàlla dina dund ba fàww.

18 Yeen xale yi, waxtu bu mujj bi jot na. Dégg ngeen ne kiy xeex
Almasi bi dina ñëw. Léegi nag, ñu bari ñiy xeex Almasi bi ñu ngi fi.
Loolu moo tax nu xam ne waxtu bu mujj bi jot na. 19 Ci sunu biir
lañu génne, waaye bokkuñu woon ci nun, ndaxte su ñu bokkoon ci
nun doon nañu des ak nun. Waaye dañoo génn ngir mu leer ci ñépp
ne bokkuñu ci nun.

20 Waaye yeen, Ku Sell ki may na leen Xelam, te yeen ñépp xam
ngeen dëgg gi. 21 Kon nag su ma leen di bind nekkul ne xamuleen
dëgg gi, waaye li ngeen ko xam moo tax, te xam ngeen tamit ne
amul benn fen bu jóge ci dëgg gi. 22 Kan mooy fenkat bi? Moom
mooy kiy weddi ne Yeesu mooy Almasi bi. Kooku mooy kiy xeex
Almasi bi, maanaam kiy weddi Baay bi ak Doom ji. 23 Képp ku weddi
Doom ji amuloo tamit Baay bi, te ku nangu Doom ji ci kanamu ñépp
am na tamit Baay bi.

24 Yeen nag, li ngeen déggoon dale ko ci njàlbéen ga, na sax ci
yeen. Li ngeen déggoon dale ko ci njàlbéen ga, bu saxee ci yeen,
yeen tamit dingeen sax ci Doom ji ak ci Baay bi. 25 Lii la nu Almasi bi
ci boppam digoon: dund gu dul jeex gi. 26 Bind naa leen loolu ci lu

jëm ci ñi leen di jéema nax.
[27] Yeen nag, Xel mu Sell mi leen Almasi bi may sax na ci yeen, ba
tax soxlawuleen kenn di leen jàngal. Ndaxte Xel mu Sell mi da leen
di jàngal lépp, te moom dëgg la, du fen mukk. Kon nag, saxleen ci
Almasi bi ni leen ko Xel mu Sell mi jàngale.

### Doomi Yàlla du wéy ci bàkkaar

[28] Waaw samay doom, saxleen ci Almasi bi, ngir bés bi muy feeñ,
nu fees ak kóolute te baña am gàcce ci kanamam bu ñëwee. [29] Xam
ngeen ne Almasi bi dafa jub; xam ngeen tamit ne képp kuy def lu
jub doomu Yàlla la.

## 3

[1] Xoolleen mbëggeel gi nu Baay bi bëgg ni mu réye, ba tax ñu nuy
woowe doomi Yàlla, te moom lanu. Àddina si xamul Yàlla, loolu
moo tax xamu nu. [2] Samay soppe, léegi ay doomu Yàlla lanu, te li
nuy doon ëllëg feeñagul. Xam nanu ne bu Almasi bi feeñee dinanu
ko gis ni mu nekke ba tax nu niroo ak moom. [3] Képp ku am yaakaar
boobu ci moom setal na boppam, ni Almasi bi ci boppam sete.
[4] Képp ku bàkkaar déggalul yoon bi, ndaxte bàkkaar mooy ñàkka
déggal yoon bi. [5] Waaye xam ngeen ne Yeesu Almasi bi dafa feeñ
ngir dindi bàkkaar yi, te amul benn bàkkaar ci moom. [6] Képp ku sax
ci moom du bàkkaar. Képp kuy wéy ci bàkkaar gisu ko te xamu ko.
[7] Samay doom buleen kenn nax: képp kuy def lu jub, dafay jub ni
Almasi bi ci boppam jube. [8] Képp kuy def bàkkaar ci Seytaane la
bokk, ndaxte Seytaane mu ngi bàkkaar dale ko ci njàlbéen ga ba
tey. Li tax Doomu Yàlla ji feeñ mooy ngir yàq jëfi Seytaane. [9] Képp
kuy doomu Yàlla du def bàkkaar, ndaxte kàddu Yàlla gi day sax ci
moom mel ni jiwu, te mënatul sax ci bàkkaar, ndaxte Yàlla mooy
baayam. [10] Ci loolu lanuy ràññee doomi Yàlla ak doomi Seytaane:

képp ku dul jëfe ci njubte bokkul ci Yàlla, rawatina ki bëggul
mbokkam.

### Bëgganteleen ci seen biir

[11] Ndaxte lii mooy xibaar bi ngeen déggoon dale ko ci njàlbéen ga:
danoo wara bëggante ci sunu biir, [12] te baña def ni Kayin mi
bokkoon ci ku bon ki te rey rakkam. Lu tax mu reyoon ko? Ndaxte
jëfam yi dañoo bonoon te yu rakkam yi juboon.
[13] Yeen samay mbokk, buleen jaaxle bu leen àddina si bañee.
[14] Nun, xam nanu ne danoo jóge ci dee, jàll ci dund gi ndaxte danoo
bëgg sunuy mbokk. Ki bëggul, day sax ci dee. [15] Képp ku bañ
mbokkam, reykatu nit la, te xam ngeen ne dund gu dul jeex gi du
sax ci benn reykatu nit. [16] Ci nii lanuy xame mbëggeel: Yeesu Almasi
bi joxe na bakkanam ngir nun. Nun tamit danoo wara joxe sunu
bakkan ngir sunuy mbokk. [17] Waaye bu kenn amee alalu àddina, mu
gis mbokkam mu nekk ci coono te mu tëj xolam, naka la mbëggeelu
Yàlla di saxe ci moom?
[18] Samay doom, bunu bëgg ci kàddu ak ci làmmiñ rekk, waaye ci jëf
ak ci dëgg. [19] Ci noonu lanuy xame ne ci dëgg gi lanu bokk, te
dinanu dalal sunu xol ci kanamu Yàlla: [20] su fekkee ne sunu xol dafa
nuy tuumaal, Yàlla moo gëna màgg sunu xol te xam na lépp.
[21] Samay soppe, su fekkee ne sunu xol tuumaalu nu, am nanu
kóolute ci kanamu Yàlla, [22] te lépp lu nu ko ñaan, dinanu ko jot ci
moom, ndaxte danoo déggal ay ndigalam tey def li ko neex. [23] Te
ndigalam bi mooy nu gëm ci turu doomam Yeesu Almasi bi te nu
bëggante ci sunu biir, ni mu nu ko sante. [24] Kiy déggal ay ndigalam
day sax ci Yàlla te Yàlla sax ci moom. Xam nanu ne Yàlla dafa sax ci
nun jaarale ko ci Xel mu Sell mi mu nu may.

# 4

## Seetluleen xel yi

[1] Samay soppe, buleen gëm bépp xel, waaye seetluleen xel yi ngir
xam ndax ci Yàlla lanu jóge, ndaxte yonent yu dëgguwul yu bari
ñëw nañu ci àddina si. [2] Ci nii lanuy xàmmee Xelum Yàlla: bépp xel
bu nangu ne Yeesu Almasi bi ñëw na nekk nit, ci Yàlla la jóge.
[3] Waaye bépp xel bu nanguwul Yeesu, jógewul ci Yàlla. Xelum kiy
xeex Almasi bi la, bi ngeen déggoon ñu yégle ne dina ñëw, te léegi
mu ngi ci àddina si ba noppi.
[4] Yeen samay doom, ci Yàlla ngeen bokk, te am ngeen ndam ci
seen kaw, ndaxte Xel mi nekk ci yeen moo ëpp kàttan xel mi nekk
ci àddina si. [5] Ñoom ci àddina si lañu bokk, moo tax ñuy waxe ni
àddina si te àddina si di leen déglu. [6] Nun, ci Yàlla lanu bokk. Ki xam
Yàlla daf nuy déglu. Ki xamul Yàlla du nu déglu. Ci noonu lanuy
xàmmee xelum dëgg gi ak xel miy naxaate.

## Yàlla feeñal na mbëggeelam ngir nun

[7] Samay soppe, nanu bëggante ci sunu biir, ndaxte mbëggeel ci
Yàlla la jóge, te képp ku bëgg, doomu Yàlla la te xam na Yàlla. [8] Ki
bëggul xamul Yàlla, ndaxte Yàlla mbëggeel la. [9] Ci nii la Yàlla
feeñale mbëggeelam ci nun: yónnee na benn doomam bi mu am
rekk ci àddina si ngir nu am dund gi jaarale ko ci moom. [10] Lii mooy
mbëggeel gi: du nun noo bëgg Yàlla waaye moom moo nu bëgg te
mu yónni doomam ni sarax ngir giifal mer bi Yàlla amoon ci nun
ndax sunuy bàkkaar.
[11] Samay soppe, su fekkee Yàlla bëgge na nu noonu, nun tamit
danoo wara bëggante ci sunu biir. [12] Kenn mësula gis Yàlla. Su nu
bëggante ci sunu biir, Yàlla day sax ci nun te mbëggeelam day mat
sëkk ci nun. [13] Ci nii lanuy xame ne nun ci Yàlla lanu sax te mu sax

ci nun: may na nu Xelam. 14 Te nun gis nanu te nu ngi seede ne Baay
bi yónni na doomam ngir mu nekk Musalkatu àddina si.
15 Ki nangu ci kanamu ñépp ne Yeesu mooy Doomu Yàlla ji, Yàlla
day sax ci moom te mu sax ci Yàlla. 16 Te nun xam nanu te gëm
nanu mbëggeel gi Yàlla am ci nun. Yàlla mbëggeel la; ki sax ci
mbëggeel day sax ci Yàlla, te Yàlla sax ci moom. 17 Ci noonu sunu
dund ci àddina si dafay nirook dundu Yeesu Almasi bi. Ci noonu la
mbëggeel gi di mate sëkk ci sunu biir ngir nu am kóolute ci bésu
àtte bi. 18 Amul ragal ci mbëggeel, waaye mbëggeel bu matt sëkk
day dàq ragal. Ragal day ànd ak mbugal, te ki ragal matul ci
mbëggeel gi. 19 Nun nag, danoo bëgg ndaxte Yàlla moo nu jëkka
bëgg.
20 Su kenn waxee ne: «Bëgg naa Yàlla» te mu bañ mbokkam, fenkat
la. Ndaxte ki bëggul mbokkam bi muy gis mënula bëgg Yàlla mi mu
gisul. 21 Lii mooy ndigal bi mu nu jox: ki bëgg Yàlla war na bëgg
mbokkam tamit.

## 5

### Seedeb Yàlla ci Doomam

1 Ki gëm ne Yeesu mooy Almasi bi, doomu Yàlla la, te ki bëgg Baay
bi day bëgg tamit doomam yi. 2 Ci nii lanuy xame ne bëgg nanu
doomi Yàlla: bu nu bëggee Yàlla te déggal ay ndigalam. 3 Ndaxte
bëgg Yàlla mooy déggal ay ndigalam. Te ndigalam yi diisuñu,
4 ndaxte bépp doomu Yàlla day daan àddina si. Li nuy daane àddina
si mooy sunu ngëm.
5 Kiy daan àddina si mooy ki gëm ne Yeesu mooy Doomu Yàlla ji.
6 Yeesu Almasi bi mooy ki ñëw ci ndox ak ci deret: du ci ndox rekk
waaye ci ndox ak ci deret. Te Xel mi moo ko seede ndaxte Xel mi
mooy dëgg gi. 7 Am na ñett ñuy seede: 8 Xel mu Sell mi, ndox mi, ak

deret bi; te ñett ñi déggoo nañu. [9] Su nu nangoo seedeb nit ñi,
seedeb Yàlla moo gëna réy. Lii mooy seede bi Yàlla def jëmale ko ci
doomam. [10] Ki gëm ci Doomu Yàlla ji, am na seede boobu ci moom.
Ki gëmul Yàlla, da koy jiiñ fenkat, ndaxte gëmul ci seede bi Yàlla
def jëmale ko ci doomam. [11] Lii mooy seede bi: Yàlla may na nu
dund gu dul jeex gi te dund googu mu ngi ci Doomam. [12] Ki am
Doom ji am na dund gi. Ki amul Doomu Yàlla ji amul dund gi.

## Kóolute gi nu am ci kanamu Yàlla

[13] Bind naa leen loolu, yeen ñi gëm ci turu Doomu Yàlla ji, ngir
ngeen xam ne am ngeen dund gu dul jeex gi. [14] Te lii mooy kóolute
gi nu am ci kanamu Yàlla: su nu ko ñaanee benn mbir bu méngook
coobareem, mu ngi nuy déglu. [15] Te su nu xamee ne mu ngi nuy
déglu, ak lu nu ko mëna ñaan, xam nanu ne jot nanu li nu ko ñaan.

[16] Su kenn gisee mbokkam muy def bàkkaar bu dul yóbbe ci dee,
na ñaan, te Yàlla dina may dund mbokk boobu. Mooy ñiy def
bàkkaar bu dul yóbbe ci dee. Am na bàkkaar buy yóbbe ci dee.
Waxuma mu ñaan ci bàkkaar boobu. [17] Bépp njubadi bàkkaar la,
waaye am na bàkkaar bu dul yóbbe ci dee.

[18] Xam nanu ne képp kuy doomu Yàlla du sax ci bàkkaar, ndaxte
Yàlla day sàmm doomam yi, te ku bon ki mënul dara ci ñoom.
[19] Xam nanu ne Yàlla moo nu moom, te àddina si yépp mu ngi ci
loxo ku bon ki. [20] Xam nanu tamit ne Doomu Yàlla ji ñëw na te may
na nu xam-xam ngir nu xam Yàlla bu dëggu bi. Bokk nanu ci Yàlla
bu dëggu bi ndax ni nu bokk ci Doomam Yeesu Almasi bi, moom
miy Yàlla bu dëggu bi ak dund gu dul jeex gi. [21] Samay doom,
moytuleen xërëm yi.